

BAB V

KACINDEKAN JEUNG RÉKOMENDASI

5.1. Kacindekan

Eusi carita ieu wawacan téh ngeunaan Radén Jakasundang anu ngagagalkeun rencana nikahna Putri Kancanawati Ka Raja Jakaswaya ku cara nyulik Putri Kancanawati. Sabenerna mah Dén Jakasundang téh boga niat hadé, ngan ku sabab cara nu dilakukeunana teu merenah, jadi nimbulkeun masalah séjén. Radén Jakasundang diudag-udag ku Radén Kuda Pangrawit tepi ka ahirna katéwak tuluy dibawa ka Raja Majapait. Tapi sanggeus dijelaskeun ka Raja Majapait ngeunaan maksud Radén Jakasundang nyulik putri, tungtungna dihampura. Radén Jakasundang tuluy diutus pikeun ngarurug Nagara Balambangan, tepi ka Raja Jakaswaya maot di jero laut.

Faktor artistik anu aya dina *Wawacan Jakasundang* nya éta galur, palaku, jeung latar. Galur anu digunakeun nya éta galur méréllé. Kabagi jadi bagian awal, tengah, jeung panungtung. Galur dina ieu wawacan diwangun ku 16 episode. Palaku utama dina ieu wawacan nya éta Radén Jakasundang, Radén Kuda Pangrawit, jeung Raja Jakaswaya. Palaku panambahna nya éta Putri Kancanawati, Radén Udara, Dipati Arya Tuban, Radén Ranggalawé, Aki Prana, Nini Prana, para ponggawa, koprál, sersan, ajidan, Tuan Léknan, jendral, jeung kapetengan. Latar dina *Wawacan Jakasundang* kabagi jadi tilu, nya éta latar tempat, waktu, jeung suasana. Latar tempat dina ieu wawacan kabagi kana tilu wilayah nya éta wilayah karajaan Majapait, wilayah karajaan Tuban, jeung wilayah karajaan

Balambangan. Latar waktu anu katémbong dina ieu wawacan téh nya éta baheula, ayeuna, hiji mangsa, peuting, pukul tilu, wengi tadi, barang jebul, kapungkur, isukna, mangsana harita, jeung wanci kohkol, sapoé jeput, ti isuk tepi ka burit, samemit, satengah jalan, ti leuleutik, jeung saajalan. Latar suasana anu kapanggih dina *Wawacan Jakasundang* nya éta bingung, pundung, reuwas, gelut rongkah, guyur, poék, ambek, sedih, ngenes, curiga, bungah, jeung sieun.

Hasil tina analisis pupuh dina *Wawacan Jakasundang* kapaluruh yén Pupuh anu digunakeun dina *Wawacan Jakasundang* téh aya 8, nya éta Asmarandana, Sinom, Dangdanggula, Kinanti, Maskumambang, Pangkur, Mijil, jeung Durma. Lian ti éta dina ieu naskah aya 3 kidung pupuh Sinom nya éta Liwung, Lor-loran, jeung Balon Rag-rag. Dina ieu wawacan sakabéh pupuh anu digunakeun jumlahna aya 22. Anu diwangun ku 463 pada jeung 3.305 padalisan. Distribusi pupuh nu digunakeun dina ieu wawacan nya éta Pangkur 19%, Asmarandana 17.1%, Dangdanggula 15.9%, Kinanti 14.9%, Durma 14.6%, Mijil 6%, Sinom 9.2 %, Maskumambang 4.9%.. Tina jumlah persentasena bisa dicindekkeun yén pupuh anu panglobana digunakeun dina *Wawacan Jakasundang* téh nya éta pupuh Pangkur. Éta hal luyu jeung kabutuhan pangarang, ku sabab dina ieu carita loba kajadian anu ngagambarkeun perang atawa kaambek. Ku kituna pupuh Pangkur nu boga watek napsu, loba digunakeun dina ieu wawacan. Sedengkeun pupuh anu pangsaeutikna digunakeun dina *Wawacan Jakasundang* nya éta Maskumambang. Jumlah total padalisan dina *Wawacan Jakasundang* anu guru wilanganana teu saluyu jeung patokan nya éta 499 padalisan. Kalawan pupuh anu panglobana teu saluyu guru wilanganana nya éta pupuh Durma. Jumlah total

padalisan anu guru laguna teu saluyu nya éta 124 padalisan. Kalawan pupuh anu panglobana teu saluyu guru laguna nya éta pupuh Durma.

Hasil analisis struktur anu ngawengku palaku, latar, jeung galur *Wawacan Jakasundang* bisa dilarapkeun kana Standar Kompetensi jeung Kompetensi Dasar salaku bahan pangajaran maca di SMP. Luyu jeung standar kompetensina nya éta maca sempalan wawacan, carita *Wawacan Jakasundang* anu dijadikeun materi pangajaran téh teu sagemblengna.

5.2. Rékomendasi

Sabada ngaréngsékeun ieu panalungtikan aya sababaraha rékomendasi anu perlu ditepikeun, nya éta:

- 1) Karya sastra buhun téh perlu diwanohkeun deui ka masarakat;
- 2) Pangajaran ngeunaan wawacan ulah ngan téori na wungkul, tapi kudu dibarengan jeung transfer pangalaman, ku cara nongton beluk;
- 3) Pamaréntah kudu nangtayungan kana hirup-huripna karya-karya sastra buhun, sangkan teu leungit kateleg ku jaman; jeung
- 4) Salaku masarakat Sunda, geus sakuduna babarengan miara warisan budayana.